BAB III
MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Anu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka kawih anu eusina ngandung unsur struktur, sémiotik, jeung ajén moral. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka lagu pop Sunda dina album Doel Sumbang. Aya 9 judul album Doel Sumbang nu ditalungtik, sedengkeun jumlah rumpaka lagu nu ngandung ajén moral nu kapanggih aya 18 judul kawih. Tina 9 album, unggal album dicokot 2 judul anu eusina ngeunaan kritik pikeun manusa. Judul-judulna nya éta, "Berenyit", "Jurig", "Nini-nini Luar Nagri","Tuturut Munding", "Urang Sunda", "Col Blem", "Ema", "Ah Horéam", "Pepeling", "Sono ka Kodim", "Polisi No Ban", "Dijajah", "Teu di Luhur Teu di Handap", "Gogog", "Selebritis", " Pemilu", "Beja ti Jurig", "Beurit". Henteu kawatesanan ku taun gelarna ieu rumpaka, tapi unggal rumpaka lagu anu dianggap ngandung ajén moral dijadikeun sumber data pikeun ditalungtik sacara struktural-sémiotik.

3.2 Desain Panalungtikan



3.3 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Sudjana (2004:52), metodé penelitian deskriptif digunakeun saupama miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian nu aya dina mangsa kiwari. Nu kaasup kana ieu métode nya éta studi kasus, studi kamekaran, studi korélasi.

Sacara étimologis métode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén), anu hartina cara-cara atawa stratégi pikeun maham kana réalitas (kanyataan), tur dianggap léngkah-léngkah sacara sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab jeung akibat. Ari fungsina, saéstuna métodé téh pikeun ngabasajankeun masalah panalungtikan sangkan gampang diungkulanana.

Tujuan ngagunakeun métode déskriptif téh nya éta pikeun ngaidéntifikasi struktur puisi rumpaka kawih wanda pop Sunda karya Doel Sumbang, anu ngawengku, imaji, simbol, musikalitas suasana, téma, jeung gaya; ngaidéntifikasi aspék sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) anu nyangkaruk tina rumpaka kawih wanda pop Sunda karya Doel Sumbang; ngadéskripsikeun ajén moral nu nyangkaruk dina rumpaka kawih wanda pop Sunda karya Doel Sumbang.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih maham kana tujuan panalungtikan, perlu ayana wangenan operasional nu aya hubunganna jeung judul panalungtikan saperti ieu dihandap

a. Kawih

Kawih asal tina kecap *kavy* (baca, kawi) anu hartina sa'ir (karya bujangga), nya éta rakitan basa anu ditulis ku para bujangga, sarta miboga birama anu ajeg (angger), mibutuh lagu tur kabeungkeut ku wiletan jeung témpo atawa ketukan.

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1985:220) wangenan kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh.

b. Rumpaka

Rumpaka nya éta teks lagu sarua jeung *lirik* (Ind.) karangan anu aralus dina wangun dangding, anu dimuat mangrupa karya sastra, sakapeung sok dipaké rumpaka tembang (Cianjuran).

c. Pop Sunda

Pop Sunda minangka wanda anyar dina kasenian Sunda. Ku ayana pop Sunda anu gumulung ti generasi ka generasi mangrupa bukti lagu pop Sunda tetep hirup di masarakat ti mangsa ka mangsa. Irama musikna rupa-rupa henteu matok dina musik tradisi wungkul. Lagu pop Sunda mimiti dipikawanoh dina taun 1980. Tapi mimiti kawéntar pisan mah, basa lagu "Kalangkang" ciptaan Nano S. Diragum kana pop Sunda nu asalna tina wanda degung. Anu dihaleuangkeun ku Nining Meida.

d. Struktur

Nurutkeun Jean Peaget dina Isnendes (2010:91) nétélakeun yén struktur ngawengku tilu gagasan poko. Kahiji, gagasan anu gembleng (*wholeness, keseluruhan*). Hartina, unggal unsur nyaluyukeun maném jeung pakakas kaédah instrinsik nu nangtukeun sakumna unsur jeung bagian-bagianna. Kadua, gagasan transformasi (*transformation*). Hartina struktur nyanggupan prosedur transformasi nu tuluy-tumuluy ngawangun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandri (*self regulation*). Hartina struktur téh teu butuheun ku hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur transformasi téa, éta struktur téh otonom baé tina rujukan sistem séjén.

e. Sémiotik

Sémiotik hartina "élmu tanda". Tanda hartina hiji hal nu ngawakilan nu séjénna. Jadi sémiotik téh élmu nu nalungtik sagala rupa dina posisi minangka wakil tinu séjénna, cabang élmu nu nguruskeun tanda, kawas sistim tanda jeung proses nu bisa dilarapkeun pikeun digunakeunna tanda (van Zoest, terj Soekowati dina Isnendes, 2010:95).

f. Ajén

Ajén mangrupa kumpulan sikep jeung rasa anu diwujudkeun ngaliwatan kalakuan anu mangaruhan kalakuan hiji jalma. Ajén digunakeun pikeun silih

ajénan, jeung silih hormat. Upama dititénan, saenyana mah méh unggal jalma geus pada nyaho kudu kumaha cara-carana hirup kumbuh téh, nu mana kalakuan hadé jeung nu mana kalakuan goréng, ngan nu hésé mah prakna, dina ngajalankeunana (Asmara. 1994:11).

g. Moral

Harti moral nya éta ma'na ngeunaan alus goréngna hiji kalakuan. Sedengkeun harti moral dina karya sastra sakumaha anu ditételakeun ku Nurgiyantoro (2002:321) *biasanya mencerminkan pandangan hidup pengarang yang bersangkutan, pandangan tentang nilai-nilai kebenaran, dan hal itulah yang ingin disampaikannya kepada pembaca*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan téh nya éta alat dina waktu panalungtikan ngagunakeun métode (Arikunto, 2006:149). Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta kartu data. Kartu data dipaké pikeun nyatet unsur-unsur struktural-sémiotik jeung ajén moral dina rumpaka kawih.

KARTU DATA

No	**: .....**
Rumpaka	**:.....**
1. Analisis struktural	**:.....**
Imaji	:.....
Simbol	**:.....**
Musikalitas	**:.....**
2. Analisis sémiotik	**: .....**
Ikon	**:.....**
Indéks	:.....
Simbol	**:.....**
3. Analisis Ajén Moral	:.....

Gambar 2. Kartu Data

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi jeung transkripsi. Léngkah-léngkahna:

1. Nyetél kaset VCD jeung CD kawih-kawih karya Doel Sumbang;
2. Ngupingkeun lagu bari transkripsi;
3. Milah-milah lagu nu ngandung ajén moral;
4. Nyalin kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Aya sababaraha tahapan dina ngolah data, nya éta:

1. Analisis struktur rumpaka langsung tina rumpaka-rumpaka kawih nu ditalungtik.
2. Ngalakukeun analisis sémiotik nu ngawengku ikon, indéks, simbol.
3. Nginterprétasi data hasil analisis sémiotik
4. Analisis ajén moral tina rumpaka kawih Doel Sumbang.
5. Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana hasil analisis struktural-sémiotik jeung ajén moral.